# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–18 जनवरी 2025 भोजपुरी समाचार

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आजु वर्चुअल जरिया से उत्तर प्रदेस के ले के दस गो राज्य आ दुइ गो केन्द्र सासित प्रदेसन क पचास हजार से बेसी गांवन क सम्पत्ति मालिकन के स्वामित्व योजना के तहत पैंसठ लाख से बेसी सम्पत्ति कार्ड–घरौनी बटलें। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथों कार्यक्रम में लखनऊ से वर्चुअल जरिया से जुड़ले आ लाभार्थियन के स्वामित्त कार्ड घरौनी बंटलें। एकरे सथहीं प्रदेस के कई जिलन में कार्यक्रम क सोझा परसारण कइल गइल।

अपने संबोधन में मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कहलें कि देस के अंदर अबहिन ले दुइ करोड़ चउदह लाख से बेसी स्वामित्त योजना के तहत सम्पत्ति कार्ड बांटल गइल हौ। ओहमें से एक करोड़ से बेसी खाली उत्तरे प्रदेस में हौ। आजु प्रदेस के ओन्तालिस हजार से बेसी ग्राम पंचायतन में पैंतालिस लाख से अधिके घरौनी कार्ड बांटल जा रहल हौ।

**अब आपको इस बात की चिंता नहीं है कि जहां भी आपका मकान है इस पर कोई दबंग या कोई दूसरा व्यक्ति जबरदस्ती कब्जा नहीं कर पाएगा क्योंकि वह सारा का सारा रिकॉर्ड राजस्व विभाग के पास मौजूद हो चुका है अब कोई भी व्यक्ति आपकी जमीन पर कब्जा नहीं कर पाएगा।**

ओहर, जलसक्ति मंत्री स्वतंत्र देव सिंह आ राज्य मंत्री स्वतंत्र प्रभार रविन्द्र जायसवाल आजु बनारस के मंडलायुक्त सभागार में तीनि हजार आठ सौ बहत्तर लोगिन के घरौनी प्रमाण पत्र दिहलें।

श्री सिंह कहलें कि स्वामित्त योजना गांव के जनता के प्रधानमंत्री क गजब क सौगात हौ। येही क्रम में अंबेड़कर नगर में ओहां क जन प्रतिनिधि लोगिन के जरिए एक लाख से बेसी घरौनियन क वितरण कइल गइल।

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी बिहने आकाशवाणी पर **मन की बात** कार्यक्रम में देस बिदेस के लोगिन के साथे आपन बिचार साझा करिहें। ई येह मासिक रेडियो कार्यक्रम क एक सौ अट्ठारहवीं कड़ी होई। ई कार्यक्रम आकाशवाणी आ दूरदर्शन के सज्जो नेटवर्क, एआईआर न्यूज वेबसाइट आ न्यूज ऑन एआईआर मोबाइल एपो पर परसारित कइल जाई।

**********

प्रयागराज महाकुंभ दुइ हजार पचीस में सरधालुअन के आस्था क डुबकी लगवले क करम जारी बा। देस आ दुनियां के सथहीं प्रदेस के अलगि–अलगि हिस्सन से सरधालु महाकुंभ नगर में आ के पावन त्रिवेणी में नहान क पवित्र लाभ ले रहल हवे। देस क रक्षा मंत्री राजनाथ सिंह आजु संगम में नहा के लोक कल्याण क कामना कइलें। श्री सिंह कहलें कि महाकुंभ भारतीय संस्कृति आ सनातन धरम के आध्यात्मिक अनुभूति क महापरब हौ।

**प्रधानमंत्री मोदी जी ने कहा है कि महाकुंभ का यह संदेश एक रहेगा भारत देश और इस सनातन आध्यात्मिक विश्व के सबसे बड़े जन समागम का कुशल संचालन किस तरीके से हमारे उत्तर प्रदेश के मुख्यमंत्री श्रीमान योगी आदित्यनाथ जी ने किया है। जिस श्रद्धा भाव से यहां के मुख्यमंत्री ने इस महाकुंभ का आयोजन किया है इसके लिये वे साधुवाद के पात्र हैं, बधाई के पात्र हैं**।

एहसे पहिले केन्द्रीय रक्षामंत्री राजनाथ सिंह के आजु बमरौली हवाई अड्डा पहुंचले पर प्रदेस सरकार क मंत्री नन्द गोपाल गुप्ता नन्दी उनकर स्वागत कइलें। रक्षामंत्री के साथे भाजपा क प्रवक्ता आ सांसद सुधांशु त्रिवेदियों मौजूद रहलें। त्रिवेणी नहइले के बादे रक्षामंत्री अक्षयवट आ बड़का हनुमान जी क दरसन पूजन कइलें।

**********

प्रयागराज क महाकुंभ नगर में सरधालु आ तीर्थ यात्री अब आकाशवाणी क कुंभवाणी समाचार बुलेटिन के सार्वजनिक संबोधन प्रणाली से लाइव सुन सकेलें। आजु भिन्नहीं साढ़े आठ बजे कुंभवाणी समाचार बुलेटिन महाकुंभ नगर में सार्वजनिक संबोधन प्रणाली के जरिए परसारित कइल गइल। दस–दस मिनट क कुंभवाणी समाचार बुलेटिन भिन्नहीं साढ़े आठ बजे, दुपहरिया क अढ़ाई बजे, आ संझा साढ़े आठ बजे परसारित कइल जा रहल हौ।

**********

अजोध्या के मिल्कीपुर विधानसभा सीटि पर पांच फरौरी के होखे वाले उपचुनाव बदे परचन क आजु जांचि कइल गइल। येह दौरान चारि गो निर्दलीय ओम्मेदवारन क परचा तकनीकी कमी के नाते खारिज कइ दिहल गइल। भाजपा ओम्मेदवार चन्द्रभानु पासवान आ सपा ओम्मेदवार अजीत प्रसाद के ले के दस गो ओम्मेदवारन क परचा वैध पावल गइल हौ। उपचुनाव खातिर चउदह गो ओम्मेदवार परचा दाखिल कइले रहलें। नांव वापसी क आखिरी तारीख बीस जनौरी हौ।

**********

हिमांचल प्रदेस क राज्यपाल शिव प्रताप सुकुल आजु अजोध्या धाम के श्रीराम मंदिर में दरसन पूजन कइलें। येह मौका पर श्री सुकुल कहले कि राम येह राष्ट्र के संस्कृति क नायक हवें। उनकरे दरसने से सज्जों कस्ट दूर हो जाला।

**********